

**SS.7.C.4.1 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 2:** Elèv yo pwal idantifye pwoblèm ki gen rapò ak prensip peyi Etazini an ak peyi etranje a.

Gouvènman Etazini an fokis sou plizyè diferan pwoblèm prensip domestik. Kèk egzanp pwoblèm **prensip peyi lokal** yo se byennèt sosyal, swen sante, ak edikasyon.

Byennèt sosyal vle ke gouvènman an bay èd pou sa yo ki nan bezwen. Gouvènman an gen anpil pwogram ekonomik pou manman ak timoun yo, moun ki pa gen travay yo, ak moun ki domaje yo. Pwogram sekirite sosyal la te kòmanse an 1936 pou ede granmoun yo pou ba yo yon revni mansyèl aprè yo pran retrèt

Gouvènman an foure bouch tou nan zafè swen sante a. Medikè te kòmanse pou ede granmoun yo peye pou swen medical ak medikaman yo bezwen e yo souvan pa ka peye. Mediked te kòmanse pou ede pòv yo peye pou swen medical ak medikaman yo bezwen e yo souvan pa kapab peye.

**Gouvènman federal** la fokis tou sou jan pou yo amelyore edikasyon an. Gouvènman bay lajan pou yon latrize pwogram ki ede elèv yo ak pwofesè yo nan tout nivo edikasyon yo. Youn nan ekzanp yon prensip edikasyon federal se te Ak Pou Pa Kite Pyès Timoun Dèyè a, ki te chanje estanda edikasyon yo epi te kreye yon pakèt ekzamen tou nèf pou mezire siksè timoun yo.

Yon lòt kote, gouvènman federal la te konsène tou sou dosye peyi etranje yo, oubyen relasyon ak lòt peyi yo. Gouvènman federal la etabli prensip **peyi etranje** yo pou deside sou ki li pwal kominike ak lòt nasyon nan mond la.

Prezidan an ak **Sekretè Eta** a yo lidè prensipal ki an chaje de prensip peyi etranje yo. Abityèlman yo gen plizyè objektif jeneral pou prensip peyi etranje yo. Objektif sila yo gen ladann:

- (1) sekirite nasyonal (kenbe Etazini an sekirite, espesyalman nan fontyè li yo),
- (2) promote lapè (kreye relasyon ak **alyans** avèk lòt nasyon yo)
- (3) gaye demokrasi (pale avèk lòt nasyon yo konsènan benefis gouvènman demokratik)
- (4) promote boukantaj entènasyonal (achte ak vann machandiz ak lòt peyi yo) epi
- (5) bay èd etranje (militè, ekonomik, ak lòt tip de èd peyi a bezwen). Yon ekzanp èd etranje se te plan Machal la, se te nan sa a ke Etazini an te ede pou te rekonstwi Ewop aprè destriksyon ki te genyen pandan Dezyèm Gè Mondyal la.

Gouvènman Etazini an te kreye yon plan pou **diplomasi** yon fason pou kenbe bon relasyon ak lòt nasyon yo, **Anbasadè** yo ak diplomat yo, ki gen ladann Sekretè Eta yo, travay nan tout mond lan sou relasyon sa yo. Dèfwà yo gen pou yo rezoud pwoblèm ki ta parèt oswa genyen nan relasyon ak lòt peyi yo.

Gouvènman Etazini an gen tou pou li deside avèk ki peyi lap fòme alyans. **Trete Oganizasyon Atlantik di Nò (NATO)** se youn nan ekzanp yon gwo alyans ant Etazini ak plizyè peyi Ewopeyen yo.

Gouvènman Etazini an dèfwà fèk anpil **trete**, oubyen anpil kontra fòmèl, ak anpil lidè lòt nasyon yon fason pou kapab fè boukantay, defans, ak sekirite nasyonal.

Lidè Etazini yo espere ke **relasyon entèsyonal** yo pral kreye yon pi bon, pi an sekirite epi mond ki plis an pè nan koperasyon avèk lòt peyi.

**alyans** - yon inyon ant nasyon yo pou asistans ak pwoteksyon

**anbasadè** – yon moun yo voye tankou chèf reprezantatif pwòp gouvènman li a nan yon lòt peyi

**diplomasi** - travay pou kenbe bon relasyon ant gouvènman diferan peyi yo

**gouvènman federal** - gouvènman an nan nivo nasyonal; gouvènman Etazini an

**prensip peyi etranje** - yon seri desizyon yon gouvènman konsènan plizyè jan de relasyon li genyen ak lòt peyi yo

**prensip peyi lokal** - yon seri desizyon yon gouvènman konsènan yon pwoblèm nan peyi a

**relasyon entènasyonal** - relasyon ant anpil nasyon nan mond la

**Sekretè Eta** - antèt Depatman Eta Etazini; yon manm nan Kabinè Prezidan an

**trete** - yon kontra oubyen aranjman ant de oubyen plizyè peyi

**Trete Oganizasyon Atlantik di Nò (NATO)** - yon gwoup de 28 peyi ki te tonbe dakò pou pwoteje yon lòt nan ka si ta gen yon atak; li te fonde an 1949